

BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar hasil ngolah data bab IV ieu panalungtikan bisa dicindekkeun saperti ieu di handap:

- 1) Prosés diajar-ngajar maca puisi/pupuh ngagunakeun média kasét kawilang éféktif, nya éta katitén tina ayana parobahan skor antara pratés jeung postés, pikeun kelompok ékspérimén skor hasil pratés 378 dina postés ningkat jadi 582 atawa ningkat kira-kira 35,05%. Sedengkeun pangajaran anu henteu ngagunakeun média kasét atawa pikeun kelompok kontrol skor hasil pratés 323 dina postés ningkat jadi 454 atawa ningkat kira-kira 28,85%.
- 2) Kamampuh maca puisi/pupuh siswa kelas X SMK PENIDA 2 Katapang nu ngagunakeun média kasét jeung henteu bisa dibandingkeun dina hasil persentasé ngaronjatna skor antara pratés jeung postés kelompok ékspérimén jeung kelompok kontrol. Kelompok ékspérimén ngaronjat kira-kira 35,05%, sedengkeun kelompok kontrol ngaronjat kira-kira 28,85%.
- 3) Media kasét dina ningkatkeun kamampuh maca puisi/pupuh siswa kelas X SMK PENIDA 2 Katapang Tina hasil ngitung di luhur t_{itung} antara *gain* kelas ékspérimén jeung kelas kontrol nya éta 3,68. Lamun dibandingkeun jeung t_{tabel} nya éta 2,60 hal ieu ngandung harti $t_{itung} > t_{tabel}$ anu hartina H_0

ditolak H_1 ditarima. Hal ieu nunjukkeun yén aya béda nu signifikan antara hasil diajar siswa saméméh jeung sabada kagiatan pangajaran. Lamun dititénan tina rata-rata, kelas ékspérimén leuwih punjul tibatan kelas kontrol, bisa dibuktikeun yén anu diajar maké média kasét leuwih hadé jeung éféktif tibatan anu diajar henteu maké média kasét.

5.2 Saran-saran

Dumasar hasil panalungtikan anu dilaksanakeun, ditepikeun saran anu pikeun pangajaran basa Sunda hususna dina widang sastra. Saran-saranna nya éta:

- 1) Média kasét bisa dijieun alternaif dina nepikeun bahan pangajaran pupuh,
- 2) Média kasét bisa dijieun patokan pikeun ngukur kamampuh tingkat aprésiasi siswa kana puisi/pupuh,
- 3) Media kasét bisa ningkatkeun sumanget siswa dina pangajaran pupuh.

Ku kituna panalungtik miharep ka para panalungtik nu bakal datang perlu dilaksanakeun deui panalungtikan anu leuwih jembar kalayan dibarengan ku data anu leuwih lengkep anu tacan katalungtik ku panalungtik saméméhna.

